

ENVISION CAMBRIDGE

Plan an

Envision Cambridge se yon pwosesis publik twa lane pou devlope yon plan konpreyansif pou yon vil ki pi vivab, dirab, epi ekitab.

Ak enfòmasyon ki soti nan kominate an, Envision Cambridge te devlope yon vizyon ki pataje otou sis valè fondamental pou avni vil lan.

Rejwenn konvèsasyon an nan envision.cambridgema.gov

Angajman an Chif!

2,510

Moun ke yo atenn ak estasyon angajman mobil lan

1,706

Repons ankèt sou entènèt ak an pèsòn

2,372

Entèraksyon sou medya sosyal

211

Patisipan nan seminè yo


119

Patisipan nan gwoup fokis yo ak popilasyon ki difisil pou atenn yo

16

Reyinyon publik, ki gen ladan seminè, panèl yo, ak diskisyon gwoup travay yo

Rezime angajman an pou Jiyè 2016.
Pou yon rapò konplè, vizite panèl dokiman yo nan envision.cambridgema.gov/documents/#summaries



Vizyon Nou

Cambridge se yon vil k'ap panse vè lavan, ki akeyan epi ki divès. Nou jwi de yon bon kalite lavi epi nou pwospere nan yon kominote ki dirab, enklizif, epi ki konekte.

Valè Fondamantal yo

Vivabilite

Nou valorize yon anviwònman natirèl epi ki konstwi sou dinamis, epi nou sipòte transpò dirab ak aksè ki a pri abòdab epi ki komòd pou nesesite chak jou yo ak resous rekreyatif yo.

Divèsite ak Empasyalite

Nou ap akeyi kominote ki selebre divèsite nou an epi ki asire aksè a chwa lojman ki a pri abòdab ak opòtinite yo pou kapab reyisi.

Opòtinite Ekonomik

Nou bay opòtinite ak stabilité atravè aksè a travay de kalite, devlopman mendèv ak fòmasyon, ak salè vivab yo ki sipòte wo nivo sèvis yo.

Dirabilite ak Rezistans

Nou poze aksyon responsab pou redwi enpak nou an sou anviwònman epi konstwi yon vil ki rezistan ak yon kominote ki solid.

Sante ak Byennèt Kominote a

Nou chwazi modèl lavi ki an sante epi aktif nan yon kominote ki sipòtif, ki sekirize, ak opòtinite divès yo pou konekte ak vwazen nou yo epi angaje nan lavi sivik.

Aprantisaj

Nou anbrase aprantisaj long dire epi nou selebre pouswit konesans, ak kominote nou an ki rich sou plan kiltirèl epi ki kreyatif.